# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 मई 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली के अपने आवास पर एगो उच्चस्तरीय बइठकी कइलें। बइठकी में रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, विदेश मंत्री सुब्रह्मण्यम जयशंकर, राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल, रक्षा प्रमुख जनरल अनिल चौहान, थल सेना प्रमुख जनरल उपेंद्र द्विवेदी, नौसेना प्रमुख एडमिरल दिनेश त्रिपाठी अउर वायुसेना प्रमुख एयर चीफ मार्शल अमर प्रीत सिंह मौजूद रहलें।

ई बइठकी काल्हि दुन्नो देसन क सैन्य अभियान महानिदेसकन के एक–दुसरे से बाति कइले के बाद संघर्स बिराम के देखि के भइल। दुन्नो देसन क ई अधिकारी बिहने फेर से बाति करे वाला हउवें। एहसे पहिले बिदेस सचिव विक्रम मिस्री काल्हि नई दिल्ली में मीडिया के बतवले रहलें कि भारत–पाकिस्तान के ओरि से संघर्स बिराम उल्लंघन के बहुते गम्भीरता से लेला। उहां के कहलीं कि ससस्त्र बल हालति पर कड़ेर निगरानी रखि रहल हवे अउर उन्हें अंतर्राष्ट्रीय सीमा के साथे–साथ नियंत्रण रेखा पर उल्लंघन के कउनहूं घटना से सख्ती से निपटले क निरदेस दीहल गइल हौ।

**********

राष्ट्रीय प्रौद्योगिकी दिवस के मौका पर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आजु वर्चुअल जरिया से उत्तर प्रदेस डिफेंस इंडस्ट्रियल कॉरिडोर के लखनऊ नोड पर सुपरसोनिक क्रूज मिसाइल ब्रम्होस के प्रोडक्सन यूनिट क शुभारंभ कइलें। येह मौका पर श्री सिंह कहलें कि ऑपरेसन सिंदूर खाली एगो सैन्य कार्रवाइये भर नाहीं हौ।

**भारत विरोधी और आतंकी संगठनों ने भारत माता के मस्तक पर हमला कर कई परिवारों के सिंदूर मिठाये थे उन्हें भारतीय सेना ने ऑपरेशन सिंदूर के माध्यम से इंसाफ दिलाने का काम किया और इसके लिए आज सारा देश भारतीय सेनाओ का अभिनन्दन कर रहा है ऑपरेशन सिंदूर सिर्फ एक सैन्य कार्रवाई भर नही है बल्की भारत की राजनैतिक सामाजिक और समरिक इच्छा शक्ति प्रतीक यह ऑपरेशन आतंकवाद के खिलाफ भारत की दृण इच्छा शक्ति की और सैन्य शक्ति की क्षमता और संकल्प शक्ति का भी प्रदर्शन है।**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि आत्मनिर्भरता, कउनहूं स्वावलम्बी देस बदे जरूरी हौ।

**किसी भी स्वावलंबिक देश के लिए आवश्यक होता है कि अपनी रक्षा आपूर्ति के लिए वह दुनिया के अन्य देशो पर निर्भर होने की बजाय स्वंय उस लक्ष्य को प्राप्त करे। आज पूरी दुनिया के अंदर आप देख रहे होंगे जो कि अगल अगल क्षेत्रों में हो रहे है उन क्षेत्रों में अगर आप देखेगे कि अगर जिस देशों के पास अपनी स्वंय की रक्षा उत्पादन की क्षमता नही है वह देश इस वर्तमान अभियान के एक अलग थलग पड़े हुए दिखाई देंगे।**

श्री योगी कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बरिस दुइ हजार चउदह में भारत के सामने जवन लक्ष्य रखलस, डिफेंस मैन्युफैक्चरिंग कॉरिडोर अउर ब्रह्मोस मिसाइल ओही अभियान क हिस्सा हवे।

**********

गृह सचिव गोविंद मोहन पाकिस्तान के सीमा से लागल राज्यन क मुख्य सचिवन के साथे काल्हि वीडियो कॉन्फ्रेंस के जरिया से बइठकी कइलें। सूत्र बतवले हवें कि उनहें अलर्ट रहले अउर सीमा पार कउनहूं गोलीबारी से निपटले अउर अपने इलाका में नागरिक रक्षा तंत्र के सक्रिय करे के कहल गइल हौ। भारत अउर पाकिस्तान के बिच्चे संघर्स बिराम क घोसणा के बाद ई बइठकी भइलि।

**********

वायु सेना कहले हवें कि ऑपरेसन सिंदूर के दौरान उन्हें जवन कार सउंपल गइल ऊ सज्जो ऊ ओके पुरहर कुसलता के साथे पूरा कइले हौ। सोसल मीडिया पोस्ट में वायु सेना कहले हवे कि सज्जो ऑपरेसन राष्ट्रीय हित के धियान में रक्खत सानदार तरीका से चलावल गइल। अबहिनों ऑपरेसन चलि रहल हौ अउर उचित समय पर बिस्तार से जनकारी दीहल जाई। वायु सेवा सबसे आग्रह कइले हौ कि ऊ अटकलबाजी से बचें अउर झुठहन जनकारी साझा न करें।

**********

विस्व क कई गो नेता लोगि भारत अउर पाकिस्तान के बिच्चे संघर्स बिराम क स्वागत करत एके दुन्नो देसन के बिच्चे तनाव कम कइले के ओरि एगो खास कदम बतवले हवें। संयुक्त राष्ट्र महासचिव अंतोनियो गुतरेस भारत अउर पाकिस्तान के बिच्चे संघर्स बिराम समझौता क स्वागत कइले हवें अउर दुन्नो देसन से येह दिसा में आगे बढ़ले क अपीलि कइले हवें। येही तरीयन ब्रिटेन,, यूरोपीय संघ, सऊदियो अरब अपने–अपने वक्तव्य में ओम्मेद जतवले हौ कि ई संघर्स बिराम क्षेत्र में सान्ति अउर सुरक्षा के बहाल कइले में जागदान देई।

**********

दिल्ली हवाई अड्डा से उड़ान सुचारू रूप से चलि रहल हौ। दिल्ली अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा लिमिटेड–डायल एगो परामर्स में कहले हौ कि येह समय नागर विमानन सुरक्षा ब्यूरो अनिवार्य सुरक्षा प्रोटोकॉल बदे, उड़ान के समय में बदलाव हो सके ला अउर यात्रियन क सुरक्षा जांचि के दौरानों इंतिजार करे के पड़ि सके ला। यात्रियन के सम्बन्धित एयरलाइंस के संचार के जरिया से सम्पर्क में रहले अउर तय दिसा–निरदेसन क पालन करे के कहल गइल हौ।

**********

दुनियाभर में आजु मातृ दिवस मनावल जा रहल हौ। मातृ दिवस एगो सलाना तिउहार हौ जवन दुनिया भर में मातृत्व अउर माता के प्रति प्रेम अउर जोगदान के समरपित हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मातृ दिवस क प्रदेसवासियन के बधाई दिहले हवें।

**********